**РЕЗЮМЕ.** Важность проблемного метода для философского образования очень значительна: вне проблемного обучения (то есть вне самостоятельной умственной деятельности) у студента не может сформироваться научное мировоззрение. В еще большей степени это относится к основе мировоззрения — научному, диалектическому мышлению, для которого одного знания законов диалектики совершенно недостаточно, но необходимы именно навыки диалектического мышления.

**SUMMARY.** The importance of the problem method for philosophical education is very significant: outside of problem-based learning (that is, outside of independent mental activity), a student cannot form a scientific worldview. To an even greater extent, this applies to the basis of the worldview — scientific, dialectical thinking, for which knowledge of the laws of dialectics alone is completely insufficient, but it is the skills of dialectical thinking that are needed.

## МӘДЕНИЙ МИЙРАС ТАРИЙХЫ

***Б.Юсупова*** *- илимий хаткер*
*И.В.Савицкий атындағы Қарақалпақстан мәмлекетлик көркем өнери музейи*

**Таянч сўзлар:** энциклопедия, мерос, фольклор, этно кўргазма.
**Ключевые слова:** энциклопедия, наследие, фольклор, этно экспонат
**Key words:** encyclopedia, heritage, folklore, ethno exhibit

Қарақалпақ қызлары қандай болған? Олар қалай кийинеди? Қызлардың кийиниў мәденияты қандай? Әлбетте, қарақалпақ қызларының сакраль кийимлери, сырлары ҳаққында жүз жылдан бери этнолог-илимпазлар, қәнигелер ҳәм саяхатшылар нәзеринде болмақта.

Қарақалпақ қызларының кийимлери (женский костюм) рәңбәрәң түрлери «Нөкис ғәзийнеси», «Сахрадағы Лувр» деп аталған көркем өнер музейде де сақланбақта. Усы бийбаҳа кийимлердиң бири арабша жазыўы бар сары көйлек. Бул дәстиярлы мийрасларды кимлер жыйнаўға үлес қосқан екен? Кимлер миллий көркем музей ушын пидайылықтың ҳақыйқый үлгисин көрсетип үлес қосқан екен?



Қарақалпақстан Республикасы Игорь Савицкий атындағы көркем өнер музейинде усы музейдиң тийкарын салыўшы Игорь Витальевич Савицкийдиң 100 жыллық юбилейине бағышланған жеке көргизбеси алдынан усы музейдеги тарийхый бийбаҳа қол өнери экспонатларды художник И.В.Савицкий менен бирге районларға бирге барып жыйнаған Улбосын апа Қалжан ахун қызы менен музей хызметкерлери, мектеп оқыўшылары қатнасыўында еске түсириў, ушырасыў кешеси өткерилди.

Улбосын Қалжанова 1938-жылы Мойнақ районында Қалжан ахун-уламаның шаңарағында туўылған. Әкеси молла Қалжан Хийўа қаласында «Шерғазы» медресесинде оқыған ҳәм «ақун» дәрежесине ерискен. Улбосын Қалжанова 1957-1960-жыллары Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының тарийх-филология факультетиниң қарақалпақ тили, әдебият, тарийх бөлиминде оқыды. Ол Өзбекстан Илимлер Академиясы Қарақалпақстан филиалының Нәжим Дәўқараев атындағы қарақалпақ тил, әдебият ҳәм тарийх институтының көркем өнер лабораториясында жумыс иследи. Ол сол жыллары этномәдений мийрасларды арқа районлардан жыйнаў ислерине бир неше рет қатнасады. XX әсирдиң елиўинши жыл ақырында академия филиалы қурамында улкетаныў ҳәм тарийх музейи болған еди. Сол филиал-музейде художник Игорь Савицкий, Абдимурат Жарылқағанов, Улбосын Қалжановалар ҳәр

жылы август-сентябрь айларында аўылларға барып, ески затлар жыйнаўда, халық арасынан бурын сақланып қалған қолдан соғылған үй-руўзыгершилик буйымлары, ески отаўлар (қара-үй)диң дәскелерин, қарақалпақ қол өнерине тийисли қандай затлар болса бәрин бирге барып, үгит-нәсиятлап аўыл арасында жүрип жыйнай баслаған. Рас сөз - «ақун-улама»ның кызы - «гөне зат»ты сорап турған да ким бермейди? Жыллар өтти, миллий көркем өнер музейи - өз алдына қәлиплесиў ҳәм раўажланыў басқышларынан өтпекте.

Миллий музейимизде – көркем өнер музейимизге пидайылық пенен үлес қосқан, мийнет еткен нуранийлер менен жаслардың ушырасыўлары өткериледи. Соның бири – Улбосын анамыз ҳақыйқый музей пидайысы еди.



Улбосын Қалжанова – музейде 2015-жыл өткерилген оқыўшылар менен ушырасыўға «Ақ жегде» жамылып келди. Ол, қарақалпақ ҳаял-қызларының кийиниў мәденияты-үлгисинде, инновациялық келбетте, музей тамашагөйлерди таң қалдырды. Усындай бийбаҳа ақ жегделерден музей фондында 43 данасы сақланбақта.

Улбосын апа бул сакраль мийрас – «ақ жегде» тарийхы туўралы, қызықлы сюжет ҳәм композиция айтып берди. Бул «ақ жегде» Мәмбетжума қазының бийбаҳа кийими болған. Мәмбетжума қазы Улбосын апаның анасының әкеси ел-журтқа ҳүрметли инсан болған. Бул «ақ киймешек»тиң кестешилик өнерде, тоқылғанына шама менен бир жүз-бир жүз елиў жыл болыўына қарамастан елеге шекем сақланыўы жақсы болып нағыс бояўлары, түрлери өзгермеген.

Қарақалпақ қызларының арзыў-әрманлары, бахытлы шаңырақ қурыў, жақсы нийетке, жақсы ой-пикирлерде, қол өнерментшиликтиң кестешиликте қолы гүл қызлар менен ҳәр қыйлы кийимлер, соның ишинде «жегде» тигиўде қызлар жыйналып тоқыған. «Ақ жегде» басқа жамылатуғын келте ҳәм тар етип исленген, жеңлери қолға кийилмейтуғын ҳаяллардың мереке кийими болған. Ол ақ бөзден исленип, жағасы ҳам барлық сырты ири сийрек етип кестеленген. Ақ жегдениң ең көп таралған нығысы «кереге көз» нағысы болып, оның сызығын бойлап еки реңли сабақ пенен майда «қос мүйизден» туратуғын атанақлар болған.

«Ақ жегде»ниң ийин жағасы өз алдына тоқылып, «өтирик жеңлери»ниң ушларының нағыслары өз алдына, «ақ жегде» алды, арты тәреплери – сакраль таңба – «атанақ» (крест) усылында нағысланған. Негизинде ақ жегде де үш түрли нағыс қурылысы болған. Орта жастағы ҳаяллар ушын арналған жағасынан етегине шекем кестеленген бир-бирине уқсамаған. Қарақалпақ нағыслары ишинде «ҳәрдем қыялый» деген нағыста болған деп сөзин даўам етти Улбосын апа. Бул нағыстың өзгешелиги төркинине итибар берсек, бул «Қанлыкөл» районы «Өтеш» аўылында «паңкара» микроэтностың қызы – қолы гүл шебер кестеши Жәмийла.

«Кыялый қыялый, ҳәрдем қыялый,

«Бай терек»-бойында-пәрдей уялы», усы қосық қатарларын айтып усы нағысты дөреткен - деп, еске түсирди Улбосын апа. Музей экспозиция залында ветринада Улбосын апаның анасы Қурбангүлге әкеси Қалжан ахунның Хийўа медресесинде оқып жүрген ўақытлары метрлей сатып алған арабша жазыўы бар, «сатэн» материалдан тигилген көйлегин көрип: ол меҳрибан анасын және еске алды. Улбосын апа еслеп төмендегилерди айтты: художник ҳәм музейтаныўшы, музейдиң тийкарын салыўшы Игорь Савицкий бир күни үйге келгенде анамның илдириўли турған усы арабша жазыўы бар сары көйлекти көрип таң қалған еди. Ол инсан дастиярлы мийраслардың қәдирине жетип, бул анаңның кийели көйлегин көркем өнер музейге тапсырың, музейге бермесең болмайды, ким билипти, жоқ болып кетиўи мумкин-деп турып алды, соң анам мийрасын илажсыз бердим, мине бүгин көрип қуўанып атырман - себеби мениң анамның көйлегин дүнья жүзинен келген мийманлар көрип бийбаҳа экспонатлардың жыйнағына өз үлесимди қосқаным ушын, және де кимниң кийген көйлеги дегенде өзи

болмаса да аты мәдений мийраста мәңги қалған анамның аты айтылғанына қуўанып, Игор Савицкийдиң тилегин орынлап, усы анамның көйлегин бергениме бүгин разыман-деп сөзин жуўмақлады.

Усындай, этномәдений мийраслар, этнотарийхый изертлеўлерге тийис экспонатлар туўралы жасларымыз - этнологиялық илимий изертлеўлер жумысларын алып барса, бир неше жыл бурынғы ана-аталар, кемпир апа-бабалар мийрасларын, олардың ойлап тапқан, әрман еткен миллий мийрасларды мақтаныш пенен жасларға жеткерсек, оларда материаллық мийраслар ҳәм материаллық емес мәдений мийрасларға деген ҳүрмет сезимлерин оятыўымыз, руўхый-ағартыўшылықта бир қәдем нәтийже ислерге баслаған боламыз.

**Әдебиятлар**

1. А.Алламбергенов «Мәңги мийрас». Нөкис, «Билим» баспасы,1993-жыл.
2. У.Қалжанова еске түсириўлери.

**РЕЗЮМЕ.** Қорақалпоқ халқ амалий санъатининг йиғиш тарихи ва этнокўргазманинг тарихий манбалари ўрганилади.

**РЕЗЮМЕ.** Изучены исторические источники каракалпакского народного прикладного искусства.

**SUMMARY.** The origin and historical sources of the Karakalpak folk arts.

## UZLUKSIZ MA'NAVIY TARBIYA VA MUSIQIY-ESTETIK MADANIYATNI RIVOJLANTIRISHNING O'ZARO ALOQADORLIGI

**K.K.Zaretdinov –** *dotsent*
*O'zbekiston davlat san'at va madaniyat instituti Nukus filiali*

**Tayanch so'zlar:** ma'naviy-ma'rifiy, strategiya, konsepsiya, davlat ta'lim standartlari, ilmiy-tadqiqot, ilmiy-pedagogik, milliy qadriyatlar.

**Ключевые слова:** духовно-просветительская, стратегия, концепция, государственные образовательные стандарты, научно-исследовательские, научно-педагогические, национальные ценности.

**Key words:** spiritual and educational, strategy, concept, state educational standards, research, scientific and pedagogical, national values.

Mamlakatimizda olib borilayotgan ma'naviy-ma'rifiy faoliyat avvalambor xalqimizning ma'naviy-ma'rifiy merosiga tayanadi. Zero bu meros milliy mafkura, ma'naviyatimizning mustahkam manbayidir. Shu bois, ma'naviy-ma'rifiy vazifalar tarkibida milliy mafkurani ongimizga singdiruvchi amaliy tarbiyani yo'lga qo'yish o'z dolzarbligini yo'qotmaydi. Mana shunday murakkab vaziyatda jamiyatni milliy g'oya atrofida birlashtirish, «2022-2026 yillarga mo'ljallangan Yangi O'zbekistonning taraqqiyot strategiyasi» talablariga mos bunyodkor ishlarga safarbar qilish, dunyoda kechayotgan murakkab mafkuraviy jarayonlardan ogohligini yanada kuchaytirish zarurati tug'ildi. Uzluksiz ma'naviy tarbiya konsepsiyasini amalga oshirishning ustuvor yo'nalishlaridan biri aholining farzand tarbiyasi bo'yicha bilimlarini, pedagogik madaniyatini oshirish, fuqarolarni uzluksiz ma'naviy tarbiyaning samarali usullari va amalga oshirish shakllari bilan muntazam tanishtirib borish hisoblanadi. Maktab davri yosh shaxsni shakllantirishning eng muhim davri hisoblanadi. Konsepsiyaning maqsadi – yosh avlodda mustaqil hayot uchun zarur ijtimoiy ko'nikma va fazilatlarni yoshiga mos, bosqichma-bosqich shakllantirish asosida yuksak fazilatli, barkamol avlodni voyaga yetkazishdan iborat. Konsepsiya to'rtta bosqichni qamrab oladi:

birinchi bosqich: oilalarda (homila davri, bola tug'ilgandan 3 yoshgacha bo'lgan davr);

ikkinchi bosqich: maktabgacha ta'lim 3−6 (7) yoshgacha bo'lgan davr;

uchinchi bosqich: umumiy o'rta ta'lim (7 (6)-10 yoshgacha boshlang'ich sinf, 11−17 (18) yosh);

to'rtinchi bosqich: ishlab chiqarishda faoliyat ko'rsatayotgan va band bo'lmagan, shuningdek, o'rta maxsus kasb-hunar va OTM tizimidagi yoshlar.

Prezidentimiz Shavkat Mirziyoev tomonidan "Ma'naviy yo'nalishlarimiz iqtisodiy yo'nalishlardan o'n qadam oldinda yurishi kerak. Ana shunda biz hozirda qilayotgan katta-katta rejalarimiz, dasturlarimiz amalga oshadi",